

Chovsourit nan Deltona



Deltona nan nò Orlando

Bòzzz! Bòzzz! Bòzzz! Se son sa ou tande nan Deltona, Florida nan ete. Se menm sa moustik yo fè tou lè ete rive. **Majistra** vil la ap travay ansanm ak yon gwoup moun pou wè kòman yo kapab rezoud pwoblèm nan. Yon mesye ki te **enplike** nan gwoup la te vini avèk yon ide **jenyal**. **Chovsourit** renmen manje moustik. Ann Mennen enpe nan vil la pou yo k ap detwi tout moustik yo.

Majistra ansanm ak tout lòt moun yo te renmen ide a, men te gen kèk kesyon. Ki kote chovsourit yo pwal abite? kilès k ap peye pou yo?

Moun k ap gouvènen vil la dwe jwenn repons epi deside kisa ki pou fèt.

Desizyon Gouvènman Lokal la

Gouvènman lokal la avèk kèk lòt ofisyèl vini avèk yon plan ki pap koute yo anyen. Chovsourit yo ka abite nan kay pa yo. Komèsan lokal yo ka peye pou yo. Volontè ka mete chovsourit yo nan pak oubyen nan

plas piblik. Ofisyèl yo prezante plan devan piblik la. Yo fè yo konnen koperasyon yo enpòtan; konsa yo te rive dakò ak ide a.

Chovsourit yo jwenn yon Kay



Tout moun te selebre lè yo te mete premye kay chovsourit la nan “city Hall” lan. Anpil moun te **selebre** pou jounen chovsourit la. Men eske chovsourit yo ap rezoud pwoblèm nan lamennm. Li pran tan pou yon gwoup chovsourit jwenn yon kay pou yo abite. Moun Deltona deside pou yo rete tann pou

wè sak pwal pase. Si chovsourit yo pa ede rezoud pwoblem nan, gouvènman lokal la ap pran yon desizyon. Se poutèt sa Deltona se yon bon kote pou moun abite.



Kòman Gouvènman Lokal yo Travay

Menm jan ak lòt vil, Deltona genyen yon majistra ak yon komisyonè. Majistra travay trè pwòch ak komisyonè a. Moun nan Deltona konnen ki sa ki pou fèt pou siksè kominote a. Yo sipoze travay an kolaborasyon ak gouvènman lokal la. Lè yo genyen pwoblèm, tankou anpil moustik, yo ka mande èd.



1. Koz ak efè: Poukisa majistra te panse mennen chovsourit yo nan Deltona?

2. Ki resanblans Deltona genyen pa rapò ak lòt vil yo?

3. Kesyon Esansyèl: Kòman travay ansanm ede moun Deltona yo rezoud pwoblem moustik la?
